

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Wangenan Operasional

Lamun ditataan hiji-hiji judul panalungtikan téh nyaéta “Kecap Rajékan Binarung Rarangkén dina Novél *Babalik Pikir* Karangan Samsuedi Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP”. Miboga harti ieu di handap.

- 1) Kecap rajékan binarung rarangkén nyaéta kecap rajékan anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna sabagéan atawa sagemblengna boh robah sora boh henteu dibarung jeung ngalarapkeun rarangkén.
- 2) Novél nyaéta prosa rékaan (fiksi) nu naratif (ngawujud lalakon). Umumna panjang sarta galur caritana atawa plotna komplék midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar jeung ngahirupkeun karakteristik.
- 3) Bahan pangajaran nyaéta komponén tina sistem pangajaran anu ditepikeun ku guru ka murid, luyu jeung katangtuanana

Dumasar kana wangenan diluhur bisa dicindékkeun yén nu dimaksud “Kecap Rajékan Binarung Rarangkén dina Novél *Babalik Pikir* Karangan Samsuedi Pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP” téh nyaéta hiji panalungtikan kana novél *Babalik Pikir* anu mangrupa hasil tina prosés ngarajék anu dianalisis dina wangun, fungsi, jeung hartina, katut bahan pangajaranna.

3.2 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Méthode panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nyaéta méthode panalungtikan pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan fakta, kaayaan, jeung fenomena hiji kajadian anu keur lumangsung. Alesan pangna ngagunakeun méthode déskriptif nyaéta ieu panalungtikan téh bakal nganalisis sarta nglasifikasikeun sumber data anu saterusna disusun pikeun dijadikeun bahan pangajaran. Data anu baris dideskripsikeun nyaéta palebah wangun, fungsi, harti, jeung bahan pangajaran anu kapanggih dina novél *Babalik Pikir* karangan Samsuodi.

3.2.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salahsahiji cara anu kudu digunakeun dina metode anu tangtu pikeun meunangkeun data. Sangkan tujuan anu dipiharep bisa kahontal, téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik dokumentasi jeung analisis data. Téhnik dokumentasi nyaéta téhnik panalungtikan anu datana tinulis misalna buku-buku, catetan anu aya patalina jeung panalungtikan. Analisis data digunakeun pikeun nganalisis bahan atawa data anu geus dikumpulkeun.

Dina ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

3.2.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

- 1) maca buku novél *Babalik Pikir*.
- 2) nyirian kecap rajékan binarung rarangkén nu kapanggih.
- 3) nyalin kecap rajékan binarung rarangkén kana kartu data, jeung
- 4) nganomeran jeung ngodeuan kartu data.

3.2.2.2 Téhnik Ngolah Data

- 1) ngadaftarkeun jeung nganomeran data kecap rajékan binarung rarangkén.
- 2) nyieun papasingan kecap rajékan binarung rarangkén dumasar kana wangun, fungsi, jeung harti.
- 3) ngitung persentase papasingan kecap rajékan binarung rarangkén.
- 4) ngadéskripsikeun kecap rajékan binarung rarangkén.
- 5) nafsirkeun katut nyindékkeun kecap rajékan binarung rarangkén, sarta ngahubungkeun data jeung bahan pangajaran.

3.3 Populasi jeung Sampel

3.3.1 Populasi

Populasi dina ieu panalungtikan téh nyaéta sajumlahing kecap rajékan binarung rarangkén dina novél *Babalik Pikir*. Pangna ngagunakeun objek basa tinulis, ku lantaran basa tinulis mah mibanda sifat sarta struktur anu baku. Ku kituna, bakal leuwih gampang ditalungtikna, sarta datana bakal leuwih otentik.

3.3.2 Sampel

Sakabeh kecap rajékan binarung rarangkén anu aya dina éta novél téh dijadikeun sampel. Panalungtikan model kitu disebut panalungtikan populasi sakumaha anu dijentrekeun ku Arikunto (1991:102) yén lamun subjék panalungtikan téh sakabeh populasi, mangka panalungtikan disebut panalungtikan populasi. Ku sabab kitu, ieu panalungtikan téh ngagunakeun sampel total.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Dina ngumpulkeun data jeung nganalisis data kecap rajékan binarung rarangkén dina novél *Babalik Pikir* karangan samsoedi, digunakeun pakakas nu mangrupa kartu data jeung tabel data. Eusi tina éta kartu data téh nyaéta kecap rajékan binarung rarangkén, anu dilengkepan ku kaca, paragraf, jeung baris dicokotna éta kecap. Salian ti éta, dina kartu data téh dipidangkeun unsur-unsur nu di analisis kayaning: wangun kecap rajékan binarung rarangkén, fungsi kecap rajékan binarung rarangkén, jeung harti kecap rajékan binarung rarangkén.

Di handap ieu aya conto kartu data:

D
dikenyed-kenyed (BP/13/2/2)
Wangun : di-Rdm
Fungsi : ngawangun kecap pagawean
Harti : dilakukeun tuluy-tumuluy

Di handap ieu conto tabel data anu digunakeun dina ngumpulkeun data kecap rajékan binarung rarangkén.

No	Data	Sumber Data
1.	di awang-awang	(BP/11/1/2)
2.	dulur-dulurna	(BP/7/11/2)

3.5 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Babalik Pikir* karangan Samsodi, diterbitkeun di Bandung taun 2002 ku penerbit PT Kiblat Utama, 72 kaca.

